

Lòt Ti Konsèy

KÈK TI KONSÈY

- Itilize yon kouchèt konplè oswa kouvèti li ka mete sou li tankou rad. Pa itilize kouvèti ki lach.
- Asire tibebe a pa twò cho.
- Bay tibebe ou tete.
- Eseye itilize yon tetin pou tibebe ou dòmi, men pa fòse li pran tetin nan.
- Vaksinen tibebe ou.
- Si tibebe ou devan oswa dèyè yon pòt-bebe, asire figi tibebe a toujou vizib.
- Pa janm itilize yon chèz vwati, balanswa bebe, materyèl pou pote bebe oswa lòt pòt-bebe san ou pa byen tache tout bretèl yo. Tibebe bloke nan bretèl ki tache anpati epi yo mouri.
- Asire moun pa fimen lakay ou oswa toutotou tibebe ou.
- Pa bwè alkòl oswa pa pran dwòg.
- Pa konte sou entèfòn tibebe a lakay ou.



Asire
tout moun
k ap pran swen
tibebe ou
swiv ti konsèy
sa yo!

health.ny.gov/safesleep



Department
of Health

Office of Children
and Family Services

Department
of State

Division of
Consumer Protection

Swiv



ABC

Somèy an Sekirite



A Alone (Poukont Li).

Tibebe a ta dwe dòmi **Poukont li**.

B Back (Sou do).

Mete tibebe a sou **Do li**.

C Crib (Kabann Timoun).

Mete tibebe a nan yon **Kabann Timoun** ki pwoteje.

★ Poukont Li.

★ Sou Do.

★ Kabann Timoun.

Apeprè 90 tibebe mouri chak ane nan Eta New York akòz pwoblèm ki gen pou wè ak dòmi. Apre tibebe ou fè, ede li dòmi an sekirite chak fwa li kòmanse dòmi.

POUKONT LI

- Mete tibebe a sou do li pou li dòmi – menmsi tibebe a te fèt bonè (anvan lè).
- Tibebe ou pa ta dwe dòmi avèk adilt oswa lòt timoun.
- Dòmi nan menm chanm, pa sou kabann ou. Si ou dòmi nan menm chanm avèk tibebe ou sa ap pèmèt siveye tibebe ou depre pandan w ap evite aksidan ki ta ka rive lè tibebe a ap dòmi sou yon kabann adilt.
- Ou pa ta dwe mete anyen nan kabann timoun nan, sof tibebe a; pa mete zòrye, bòdi pou pwoteje tibebe a, kouvrelè oswa jwèt.



SOU DO

- Mete tibebe a dòmi sou do, men pa ni sou vant ni sou kote.
- Mete tibebe ou sou vant li chak jou lè tibebe a je klè. Gade tibebe w la epi ankouraje li. “Tan sou vant” ede tibebe a devlope miskilati solid nan zèpòl ak nan kou.



KABANN TIMOUN

- Si tibebe a pran somèy sou yon kabann, kanape, fotèy, oswa sou yon echap pou pote bebe, balanswa oswa lòt pòt-bebe, mete li sou yon kabann bebe pou li fin dòmi.
- Itilize yon kabann timoun/bèsò/pak tibebe apwouve* ki gen yon matla solid ak yon dra fouwo.
- **PA UTILIZE BÈSO KI KA LOUVRI SOU KOTE.** Estanda sekirite federal yo pa pèmèt yo fabrike oswa vann bèso ki ka louvri sou kote yo.
- Avan ou achte oswa itilize nenpòt kabann timoun/bèsò/pak tibebe, gade sou lis rapèl CPSC a nan: www.cpsc.gov/Recalls/ pou w ka sèten yo pa te raple li.

**Pou sekirite kabann bebe a, ale nan Komisyon Sekirite Pwodui Konsomasyon: www.cpsc.gov/en/Safety-Education/Safety-Education-Centers/Cribs*